

## Twop Peman FEMA

### 1. Eske FEMA kapab mande mwen retounen kob la?

Wi, FEMA dwe mande ou repeye lè yo bay ou èd finansyel kom yon erè, kob la te itilize yon jan li pa't sipoze, oswa kob la te resevwa atrave yon fwod.

### 2. Eske FEMA kapab mande mwen retounen tout bagay?

Wi. FEMA kapab mande ou retounen nenpot kalite èd.

### 3. Poukisa FEMA reklame lajan?

FEMA ap reklame lajan pou anpil kalite rezon ki enkli, men pa limite a: benefis repete avek yon lot manm lakay; benefis repete avek asirans; si li detèmine ke lakay domaj a pa't rezidans primè ou; si ou pa't kontinye asirans inondasyon; oswa si kob la te itilize yon jan malere.

### 4. Eske mwen kapab korije desizyon FEMA pou reklame lajan nan?

Wi. Ou gen 60 jou pou korije depi dat primyè let Bodwo Koleksyon, kinenpot lè ou resevwa let la.

### 5. Ki lot dat limit mwen dwe rekonet?

Aprè 30 jou intere ap chaje kinenpot sa ou ap chwazi pou swiv yon korizyon; aprè 90 jou, si yon plan peman poko etabli, gen penalite finansyal; aprè 120 jou FEMA tounen ka a a Depatman Trezò U.S. pou koleksyon.

### 6. Kisa si mwen pa kapab peye? Eske mwen kapab sispandye rekoleksyon nan, oswa eske mwen kapab negosye pou yon kantite pi pitit?

Petet. Gen sitiyasyon kote FEMA ap sispann ou anilye rekoleksyon lajan yo, e pete negosye pou yon kantite pi pitit. Rezon pou sispansyon ou retraksyon kapab enkli laj e revni prezan e potansyel. Poutan, opsyon sa yo gen konsekans taks, e sispansyon pa asire ke FEMA p'ap fe koleksyon nan fiti a si sitiyasyon ou chanje.

### 7. Kisa si mwen pa peye yo?

Si dèt ou voye a Dept. Trezò U.S., moun Trezò yo kapab:

- Pran kob a lot benefis federal ke ou resevwa, tankou Sekirite Sosyal
- Kenbe Retou Taks IRS ou yo
- Voye yon ajans koleksyon prive apre ou e chaje ou pou pri koleksyon nan
- Redwi revni ou si ou se yon anplwaye Federal
- Pouswiv ou nan tribinal pou retire revni ou oswa sezi bagay ou yo

**Enfòmasyon ki Enpòtan pou Sonje**

- Asire ke ou itilize lajan FEMA pou rezon ke FEMA te bay ou kob la. Si ou pa fin sur jan ke ou sipoze itilize kob la, fe kontak a FEMA a: 1-800-621-FEMA (3362).
- Kenbe tout kominikasyon, resi, bodwo, e fakti ke ou resevwa nan men FEMA.
- Kenbe tout resi, bodwo e fakti ki gen relasyon a itilizasyon lajan FEMA.
- Pran foto domaj e reparasyon kom prev.
- Si ou bezwen èd fe kontak a yon avoka ak tout vites. Dat limit yo kout, e se responsabilite ou pou rive a dat limit sa yo.